

SPS Community Schools

Pwogram Aprè Lekòl

Ane lekòl 2026-2027



Pwogram Aprè Lekòl Community Schools SPS la ofri sèvis aprè lekòl sou plas, ki baze sou frè ekolaj, ki aliye ak kourikoulòm nan, jiska 5:30 p.m. pou elèv SPS nan klas PK-5.

Orè Pwogram yo

- Pwogram Aprè Lekòl Community Schools SPS la swiv menm kalandriye ane lekòl la ak Lekòl Piblik Somerville yo.
- Premye jou aprè lekòl la se premye jou lekòl la.
- Pwogram aprè lekòl la kòmanse nan fen jounen lekòl la.
- Elèv yo kite apre lekòl ant 5:15 ak 5:30 p.m.
- Nan Mèkredi kote elèv yo lage bonè, pwogram apre lekòl la kòmanse nan lè lekòl lage pi bonè a. Pa gen okenn entèval ant lè lekòl lage ak pwogram apre lekòl nan jou kote elèv yo lage bonè yo.
- Pou elèv pre-matènèl (PK), premye semèn lekòl la fini a midi epi apre lekòl pou PK ap dewoule soti 12:00 rive 3:30 p.m.
- Pou elèv jadendanfan (K), premye semèn nan ap swiv yon orè apre lekòl regilye.

Ki dat enpòtan yo?

► Peryòd Aplikasyon
Pwògriyè a Ouvè

17 Mas, 2026

► Aplikasyon Pwògriyè
Pwògriyè Fèmen

27 Mas, 2026

► Notifikasyon Enskripsyon
Aprè Lekòl

Mitan mwa Me 2026

****Aplikasyon pa garanti otomatikman enskripsyon an.****

E si m rate peryòd aplikasyon pwògriyè a?

- Lekòl Kominotè yo eseye akomode otan fanmi posib epi bay pwògriyè a moun ki aplike pandan peryòd aplikasyon pwògriyè a.
- Si ou rate peryòd aplikasyon pwògriyè a, ou ka toujou aplike. Pitit ou a ka mete sou yon lis datant pou dire ane lekòl 2026-2027 la jiskaske yon plas vin disponib.
- Fanmi yo ap bezwen aplike pou pwogram nan chak ane lekòl, menm si ou te sou lis datant lan nan ane lekòl anvan an.
- Si ou jwenn yon lòt sèvis pou pran swen aprè lekòl, tanpri rele biwo Lekòl Kominotè a pou mande pou yo retire ou nan lis datant lan: (617) 625-6600 x 6970.

Kijan pou m aplike?

Aplikasyon yo disponib sou www.somerville.k12.ma.us/communityschools.
Tanpri rele (617) 625-6600 x 6970 si ou bezwen asistans. Anplwaye multileng yo pare pou ofri asistans nan lang anglè, panyòl, pòtigè, oswa kreyòl Ayisyen.



Konbyen pwogram nan ap koute pou ane lekòl 2026-2027 la?

Klas	Kote	Jou / Semèn	Frè Eskolè / Semèn
Pre-K	Tout lekòl yo, eksepte Brown	5 jou	\$179
Kindergarten	Capuano	5 jou	\$169
Kindergarten - 5yèm ane: Opsyon pou patisipe nan aktivite aprè lekòl pandan 3 ak 4 jou pa semèn disponib sèlman pou elèv ki nan lòt lekòl apa de Timoun nan lekòl Capuano Early Childhood Center.	Tout lekòl yo, eksepte Capuano	5 jou	\$169
		4 jou	\$159
		3 jou	\$149
Elèv 6yèm - 7yèm ane k ap retounen bezwen ranpli yon aplikasyon pou yon konseye kanmarad.			

- Gen yon frè enskripsyon \$80 ki pa ranbousab chak fanmi dwe peye lè y ap aplike. Frè sa a p ap disponib pou fanmi k ap aplike pou asistans finansyè.
- Asistans finansyè disponib pou fanmi ki kalifye yo. Plas pou bous ki disponib yo limite.

Ki moun ki kalifye pou asistans finansyè?

- paran/gadyen k ap travay plis pase 25 èdtan pa semèn
- paran/gadyen k ap patisipe nan yon pwogram fòmasyon oswa edikasyon
- enkapasite paran ak bezwen pou gadri, ki gen ladan yon lèt ki soti nan men yon doktè
- timoun ki gen bezwen espesyal (tanpri soumèt IEP)

Kilè fanmi yo ka aplike pou asistans finansyè?

Pou evite tann twò lontan, yo ankouraje fanmi yo pou yo ranpli aplikasyon asistans finansyè a pandan peryòd aplikasyon priyorite a: 17 Mas - 27 Mas 2026.

Aplikasyon yo disponib sou www.somerville.k12.ma.us/communityschools.

Tanpri rele (617) 625-6600 x 6970 si ou bezwen asistans.

Anplwaye multileng yo pare pou ofri asistans nan lang anglè, panyòl, pòtigè, oswa kreyòl Ayisyen.



Pwosesis Aplikasyon Jeneral

1

Konfime plasman lekòl ou avèk Biwo Enskripsyon SPS la.

Plasman Lekòl Peryòd Notifikasyon: Semèn 9 Mas 2026

- Peryòd aplikasyon pou pwogram **aprè lekòl** la kòmanse apre Biwo Enskripsyon SPS la fin notifie fanmi yo sou plasman lekòl yo a.
- Fanmi PK & K oswa **nouvo fanmi** nan Lekòl Piblik Somerville yo dwe premyeman konfime avèk Biwo Enskripsyon SPS la nan ki lekòl w gen entansyon enskri pitit ou a.
- Seleksyon aprè lekòl ou a dwe menm ak lekòl yo te mete w la. Si ou bay diferan lekòl, ou riske pèdi chans ou pou jwenn yon plas nan pwogram aprè lekòl.

2

Aplike sou entènèt oubyen avèk yon anplwaye Community Schools: Rele 617-625-6600 x 6970

Peryòd Aplikasyon Priyorite Aprè Lekòl: 17 - 27 Mas 2026

- Pwogram Aprè Lekòl Community Schools SPS la itilize yon **pwosesis aplikasyon apa**. Fanmi yo dwe aplike sou entènèt lè yo kreye **yon kont nan EZ Child Track**.
- **Aplikasyon an pa garanti otomatikman enskripsyon nan pwogram nan.**
- Rele pou pran yon randevou si ou bezwen asistans. Anplwaye multileng yo pare pou ofri asistans nan lang anglè, panyòl, pòtigè, oswa kreyòl Ayisyen.

3

Fanmi yo resevwa notifikasyon

Peryòd Notifikasyon Aprè Lekòl: Mitan Me, 2026

- Plas aprè lekòl yo asiye selon disponiblite sit la epi atravè yon sistèm lotri pondere. Faktè yo peze yo enkli elèv ki retounen, kalifikasyon pou ti revni, enskripsyon frè ak sè, kay ki gen yon sèl paran oswa kay ki gen de paran k ap touche lajan.
- Nan mitan mwa me a, si pitit ou a gen yon plas nan yon sit aprè lekòl, Lekòl Kominotè yo ap voye yon lèt konfimasyon plasman enskripsyon pa imèl.
- Si w sou lis datant lan, w ap resevwa yon notifikasyon tou nan moman sa a.
- Li posib se pa tout elèv nan menm fanmi an ki pral enskri akòz faktè tankou gwosè gwoup pa klas ak bezwen nan gwoup sa yo.

4

Pwochen Etap yo

Mitan mwa Me rive mitan mwa Jen 2026

Ou konsidere kòm enskri yon fwa ou resevwa imèl konfimasyon enskripsyon an.

Pa gen okenn lòt aksyon ki nesèsè, eksepte si:

- **Ou pa vle enskri pitit ou a nan pwogram nan ankò.** Ou dwe kontakte biwo Lekòl Kominotè yo pou fè yo konnen chanjman an.
- **Fanmi ou a gen yon balans ki poko peye.** Tanpri kontakte Direktè Sit Lekòl Kominotè ou a imedyatman pou regle kont ou a.

Tanpri rele 617-625-6600 x 6970 pou nenpòt kesyon oswa pou pran yon randevou.

Biwo nou an ouvè de Lendi jiska Vandredi soti 8:15 a.m. rive 4:00 p.m.

Dènye randevou a kòmanse a 3:00 p.m.

Pwosesis Aplikasyon pou Èd Finansye

1

Ranmase dokiman ki nesèsè yo

- Lekòl Kominotè yo bezwen enfòmasyon sou sitiwayon finansyèl fanmi ou pou yo ka detèmine si y ap bay èd finansyèl epi konbyen.
- **Aplikasyon yo p ap konsidere kòm enkonplè jiskaske ou soumèt tout dokiman nesèsè yo.** Pou evite yon pwosesis ki long, tanpri rasanble tout dokiman ou yo anvan ou aplike.

Yon (1) prèv revni:

- 1 mwa dènye chèk peman pou tout manm granmoun nan kay la
- Yon lèt ofisyèl ki soti nan anplwayè w la ak yon kopi dènye deklarasyon taks ou si ou pa gen fichye peman, deklarasyon pansyon alimantè pou timoun
- Nenpòt lòt dokiman sou revni tankou SSI, SSDI, DTA, pansyon, retrèt
- Si w se yon travayè endepandan, ou bezwen bay dènye deklarasyon taks ou a ak lòt dokiman posib sou demann. Oubyen, yon lèt ki soti nan anplwayè w la ak nimewo sekirite sosyal oswa nimewo idantifikasyon taks federal, to èdtan, ak kantite èdtan pa semèn sou yon papye ak antet ak siyati ak nimewo telefòn. Ou ap oblije ranpli yon pake travayè endepandan tou si gen yon plas sibvansyon ki disponib.
- Si w nan lekòl, yon kopi orè kou ou anrejistre pou yon semèn oswa yon lèt ofisyèl ki endike kalite fòmasyon an, kantite èdtan pa semèn, ak dat kòmansman ak dat fen.

Yon (1) prèv rezidans, si pitit ou a se yon elèv ki retounen nan Pwogram Aprè Lekòl Kominotè a:

- Yon bòdwo sèvis piblik mwa pase a ak non ak adrès ou, oubyen
- yon kopi kontra lokasyon anyèl aktyèl ou a, oubyen
- yon chèk ak yon deklarasyon labank anile ak non legal ou ak adrès ou.

Community Schools Aplikasyon pou 2026-2027: Kreyòl Ayisyen

2

Aplike sou entènèt oubyen avèk yon anplwaye Community Schools: Rele 617-625-6600 x 6970

**Peryòd Aplikasyon Priorité:
17 - 27 Mas 2026**

- Pou evite yon tan datant pwolonje, tanpri soumèt aplikasyon asistans finansyèl ou a pandan peryòd aplikasyon priorité a.
- Si ou te rate peryòd sa a, tanpri kontakte Adriana Guereque nan aguereque@k12.somerville.ma.us.
- Si ou bezwen èd ak aplikasyon asistans finansyèl la, rele pou pran yon randevou. Anplwaye miltileng yo pare pou ofri asistans nan lang anglè, panyòl, pòtigè, oswa kreyòl Ayisyen.

3

Fanmi yo resevwa notifikasyon Peryòd Notifikasyon pou Èd Finansye: Mitan mwa Me 2026

- Yo egzamine aplikasyon yo nan lòd yo resevwa yo. Community Schools ap avize w pa imèl yon fwa yo fin egzamine aplikasyon w lan. Lèt ki di w ap resevwa èd la ap fè w konnen 1) konbyen èd w ap resevwa, 2) konbyen w ap gen pou peye, epi 3) kilè pitit ou a ka kòmanse pwogram nan.

4

Pwochen Etap yo Mitan mwa Me rive mitan mwa Jen 2026

- Pou resevwa asistans finansyèl, ou dwe konfime akseptasyon ou nan lespas 2 semèn apre ou fin resevwa lèt bousdetid ou a.
- Si fanmi ou gen yon balans ki poko peye, tanpri kontakte Direktè Lekòl Kominotè ou a imedyatman pou regle kont ou a.
- Si ou ta renmen retire kò w nan pwogram nan, oubyen si bousdetid la pa bon pou fanmi ou, tanpri kontakte Adriana Guereque nan aguereque@k12.somerville.ma.us.